ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№57 (23.465) ● 2017 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 31, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Белавенцев Олегрэ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ Правительствэм и Унэм щызэхуэзэщ

Дыгъуасэ КЪБР-м и Правительствэм и Унэм лэжьыгъэ Іуэхукіэ щызэхуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Белавенцев О. Е. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. Къ. сымэ.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ щыналъэм и социально-экономикэ зыужьынигъэм, промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ я зэфІэкІым нэхъри хабзэхуэным ехьэлІа Іуэхуэм.

Республикэм щыщыІэну зэманым къриубыдэу Белавенцев Олег и мурадщ Май районым щащІ «Этана» промышленнэ комплексым, нэгъуэщІ ухуэныгъэ зыбжанэм еплъыну. Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий, Китай ЦІыхубз Республикэм и Къэрал Советым и Премьер Кэцян Ли сымэ хабзэ хъуауэ гъэ къэс зэрызэхуэзэм хиубыдэу нэгъабэ и щэкІуэгъуэ мазэм Санкт-Петербург кьалэм щрагъэкІуэкІа зэІущІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщІхэр Китайм и къэрал корпорацэ нэхъ ину тІум ягурыІуащ мы ухуэныгъэм зэщІыгъуу елэжьыну. 2030 гъэм нэсыкъ ухуэныгъэм теухуауэ къагъэсэбэпыну ахъшэр США-м и доллар мелард 12-м щІегъу.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іа Іэ.

● Дыгъуасэ

Кхъахэ хъуа унэхэм къыщІагъэІэпхъукІ

Дыгъуасэ КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхуэзащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щыналъэм щыІэ Белавенцев Олегрэ.

ЗЭІУЩІЭР теухуауэ щытащ кхъахэ хъуа унэхэмрэ ущыпсэункІэ шынагъуэхэмрэ щыхуэхэр къыщІэгъэпсыхьукІынымкІэ хэзгъэпса программэхэр гъэзэщІа зэрызыхъум. Белавенцев Олег жиІащ Урысей Федерацэм и щыхуэхэм псэупІэ тынш яІэным, я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м УФ-м и Президентым къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, ди къэралым и хэгъэгухэм программэхэр зэшыгъуу зэрыщагъэзащІэр. Аэр социальнэ зыужьыныгъэм ехьэлІа Іуэхухэм я нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ.

Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щыналъэр кьапщтэмэ, нэгъабэ метр зэбгъузэнатІэу мини 100-м щІигъу кьэнащ щыхуэхэр къыщІэгъэІэпхъукІынымкІэ хуейуэ. УФ-м и Президентым и унафэкІэ 2017 гъэм фокІадэм и 1 пщІондэ къэрал псом щыхэфІэгъэкІынымкІэ хуейщ кхъахэ хъуа унэхэмрэ ущыпсэункІэ шынагъуэхэмрэ щыхуэхэр къыщІэгъэІэпхъукІынымкІэ. Абы ипкъ иткІэ, фэри а программэр къагъэувэ пІалъэм изагъэу вгъэзэщІэн хуейщ, - жиІащ Белавенцевым. - Абы ехьэлІауэ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий сельэІунут, мы Іуэхум езым и нэІэ тригъэтыну. УФ-м и Президентым и унафэр хуэгъэзащ ди цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным. Къищынэмыщ Іауэ, къагъэлъэгуа пІалъэми мыхьэнэ иІэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкІэ, Урысей пащтыхыгъуэм фызэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум ирохьэлІэри.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

Шынагъуэншагъэр къыщежьэр

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий иригъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ гъэгуэм шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и правительствэ комиссэм и пщэрылъхэр республикэм гъэзэщІа зэрыщыхьум.

КЪБР-м и гъэгуэхэм шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщынымкІэ иратагъэкІуэкІ лэжьыгъэмрэ 2017 гъэм и яп мазищым гъэгу хабзэхэр республикэм къызэрыщызэпаудамрэ теухуауэ къэпсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и МВД-м гъэгуэм шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщынымкІэ и къэрал инспекцэм и унафэщІ **Бэджыдэ Юрий**. Абы кыщызэрихигъэщамкІэ, 2016 гъэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фЫгъэкІэ, гъэгу къэхъукъащІхэм проценти 7,3-р хэщІащ. Нэхъыщхьэращи, 17-м щІигъукІэ нэхъ мащІэ хъуащ гъэгуэм къыщыхъу гуэзвэгъуэм зэкІуадэхэм я бжыгъэр.

- 2017 гъэр къызэрихьэрэ КЪБР-м и МВД-м, Правительствэм, Іэхъущ Іа Іэ зэхуэмыдэхэм зэгъусэу едгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм я фЫгъэкІэ иужьрей илъэсихьм зэрыкІэрыхуауэ къэнэж гъэгу къэхъукъащІхэм фабжь хэзыхьэм ящыщу лІэм я бжыгъэр. Ауэ 2017 гъэм и яп мазищыр къащІэмэ, машинэгу зэжьэхэуэм я бжыгъэр хэхъуауэ. Ар щынэрылъагъущ Дзэлыкъуэ районым. ЦІыху хэкІуадэу къэхъуа автомобиль зэжьэхэуэгъэ щынэхъыбэщ Аруан, Шэджэм, Прохладнэ щыналъэхэм. Тэрч районым, Налшык кьалэм гъэгу къэхъукъащІхэм щыхэкІуадам я бжыгъэр 2016 гъэм зэрыщытам хуэдэу зэхэнжащ. Машинэ зэжьэхэуэ нэхъ мащІэрэ къыщыхъуащ Іуащхьэмахуэ, Шэрэдж районхэм.

Къэпсэльам къызэрихигъэщамкІэ, иужьрей илъэситІым нэхъ мащІэ хъуащ балигъ ныбжьым нэмысахэр хэту кхъэхъуэхэр (процент 18,1-кІэ). Сабий зыжьхІуэда къэхъукъащІэ мы гъэм и яп мазищым щыІакъым. Бэджыдэм жиІащ балигъхэм я зэранкІэ гъэгуэм фэбжь щызыгуэта сабийхэм я бжыгъэм зэрызхъуар. Нэхъыбэу абы и щхьэусыгуэр адэ-анэхэм сабийр машинэм щискІэ зыхъумэ Іэмэпсымэр кІыхьэрыкІыжьэсэбэныщ. Апхуэдэ щхьэусыгъуэкІэ мы мазищым сабийуэ 8-м фэбжь яГуэтащ, нэгъабэ апхуэдэ я пІалъэм а бжыгъэр 4 хъууэ щытауэ аращ. Сабийр машинэкІэ къыщрашэкІІэ, и шынагъуэншагъэр къыззэзгъэпэщ Іэмэпсымэр ямыІэу хабзэр 1500-м нэблагъэкІэ къызэпаудауэ ятхащ.

Машинэ зэжьэхэуэхэр къыщІэхъу щхьэусыгуэхэм щытепсэлъыхьым, Бэджыдэ Юрий жиІащ:

- Шэч хэмылъу, цІыхум я гъащІэр гъэгуэм щытхъумэн щхьэкІэ тхуэзфІэкІар мащІэкъым, арщхьэкІэ, бжыгъэжм тепщыкІыжьэ, иджыри тщІэн хуейр куэдщ. Гъэгуэм кьытехьэ цІыхухэм я зранкІэ кьэхъу насыпншагъэр мы зэманым нэхъ мащІэ хъуами (процент 22,5-кІэ), абыхэм хэкІуадэхэм я бжыгъэр нэхъыбэщ, - пищащ Бэджыдэм. - Дызытепсэлъыхь пІалъэм къриубыдэу, гъэгуэм щызэпрыкІым адрей блэкІа илъэсхэм еплъытмэ, куэдкІэ нэхъыбэ хъуащ. Нэхъыбэрэ апхуэдэ Іуэхугъуэхэр къыщыхъуауэ щатхар Налшык кьалэрщ, Бахъсэн, Шэджэм щыналъэхэрщ. А кьэхъукъащІэхэр нэхъыбэу къызыхэкІар гъэгуэр тэмэму къызэрымыгъэнэхуар е уэздгъэр а щыпІэхэм зэрыщымыІэххэрт. Илъэс къэс транспортым и бжыгъэм зэрыхэхъуэр кьэлъытауэ, ди кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ я уэрамхэм льэс лъагъуэхэр тэмэму къыщызэпэщыпхъэщ. Мы зэманым апхуэдэхэр я нэхъыбапІэм яІэкъыми, цІыхухэр гъэгуэм щызэкІуэн хуей щІэн хуейр куэдщ. Псалъэм папщІэ, иджыблагъэ Кэнжэ куажэм зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхухъум мащинэ жьыщжьэхэуэри иуКІащ. КъызэрыщІэкІамкІэ, льэс лъагъуэ зэрымыІэм кьыхэкІы, лІыжьыр гъэгуэм тету кІэн хуей хъуат, пщыхьэщхьэт, гъэгуэр кьатгъэкъуэнкІэ.

Бэджыдэ Юрий кьытеувыІащ куажэхэм я гъэгу зэпрыкІыпІэхэм я щытыкІэми. Илъэсыр къызэрихьэрэ, апхуэдэ гъэгу зэпрыкІыпІэхэм къыщыхъуауэ ятха къэхъукъащІэу 5-м щыщу зым цІыху хэкІуадащ, адрейхэм фэбжьышхэу яГуэтащ.

- Налшык кьалэ Щ.Щ.Жэнщыкіымрэ Балъкъэрымрэ я уэрам зэхэкІыпІэхэм хуэзэу иІэ зэпрыкІыпІэм иджыблагъэ пщыхьэщхьэу цІыху щиуКІащ. Зэпрыкі ыпІэр зыхуей хуэгъэзауэ, дамыгъэкри фІэлпу щыт пэтми, Лениным и уэрамымкІэ абы укъыщытехьэкІэ, кІыкІІым укъыхэкІыу мэхъури, водителым занщІэу гу кьыпІытэркъым. А зы щыпІэм ныкъусаныгъэ зыбжанэ къыщыІэдгъэщащ, светофорым и лэжьэкІэм, уэздыгъэм и нэху дзыкІэм, нэгъуэщІхэми ехьэлІауэ.

Къапщтэмэ, гъэгу зэпрыкІыпІэхэр иджырей мардэхэм тету зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ длэжьар мащІэкъым. Апхуэдэ Іэмалхэм я фЫгъэщ 2014 гъэ лъандэрэ гъэгу зэпрыкІыпІэхэм машинэ къащыжьэхэу хэкІуадэхэм я бжыгъэр зэрыпІалъэуу зэрыхэщІыр. 2014 гъэм гъэгу зэпрыкІыпІэхэр къыщыхэгъэща щІыпІэхэм я бжыгъэр 860-рэ хъуауэ щытащ. 2016 гъэм ахэр 1005-м нэсащ. Адэкіи пытщэн хуейуэ къызэлъытэ ди гъэгу зэпрыкІыпІэхэр иджырей мардэм кьигъэувэкъм тету къызэдгъэпэщыным, - дыщІигъащ Бэджыдэ Юрий.

Бэджыдэм къыгъэлъэгуащ машинэ кьакІуэм и гъэгуэм зэрытехьэм къыхэкІ гуэзвэгъуэр иужьрей зэманым нэхъыбэ зэрыхъуар. 2017 гъэм и яп мазищым апхуэдэ кьэхъукъащІэхэм процент 23,5-кІэ хэхъуащ. Ахэр щатхащ Налшык, Бахъсэн кьалэхэм, Шэджэм, Шэрэдж, Тэрч районхэм, «Кавказ» автомобиль федеральнэ гъэзэгум. Псори зэхэту апхуэдэ Іуэхукіэ хабзэр къызэпаудауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и МВД-м гъэгуэм шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщынымкІэ и къэрал инспекцэм и управленэм 1300-м щІигъу къихутащ. Іэщ Іагъэ Іэхэм сэбэп кьахуохьу гъэгуэхэм къыщыхъу къэхъукъащІэхэр щызытХ Іэмэпсымэхэр.

Бэджыдэм муниципальнэ районхэм я Іэтащхьэхэм захуигъэзащ гъэгу шынагъуэншагъэм кІэлъыплъыным гулъытэ хэха я щыналъэхэм щыхуащІынымкІэ, я кь

Хэкужьырщ зыщыгъхэр

ДИ ГАЗЕТЫМ зэрытетащи, гъатхэпэм и 25-м Налшык къалэ щекIуокIащ ДАХ-м и Хасащхьэмрэ Гъэзэщlакlуэ гупымрэ я зи чэзу зэлушlэ. Абы кърихьэлIащ Сирием, Иорданием, Израилым, Европэм щыIэ Хасэхэм, Краснодар, Ставрополь, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъхэм щылажьэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ Гъэзэщlакlуэ гупым хэтхэмрэ. Апхуэдэу зэлушlэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщl **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Администрацэм щIыналъэ политикэмкIэ и управленэм и Iэтащхьэ **Къуэжей Артём**, КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкIэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор**, ДАХ-р кьызэгъэпэщыным жэрдэмщlакlуэ хуэхъуа, зэгуэхьэныгъэм и Нэхъыжьхэм я Советым хэт, Голландием къыкIа **Хьэткъуэ Фатхьи**, УФ-м щыпсэу Адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ **Уэхъутэ Александр**, ДАХ-м президенту щыта **Ажахъуэ Хьанщобий**, ДАХ-м и Къэзыпщытэ гупыр.

Зэлушlэр кьыщызлъиухым Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент **Сэхъурокъуэ Хьэутий** хэжъыным хьеблэгъа псоми фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ икIи Иорданием щыIэ Адыгэ Фыщlэ Хасэм и тхьэмадэу хахагъащlэ, иджы япэу Хасащхьэм кьеблэгъа Жанбэч Зухьди екъуэхъуащ, Сирием щыIэ Адыгэ Фыщlэ Хасэм и лIыкIуэ Стlащ Барие, а Хасэм нэхьапэм и тхьэмадэу щыта Къэбэрдей Аднан, Европэм щыIэ Хасэхэм я зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ Тlамжьыкъуэ Умар-Фарукъ, нэхъыжьыфI Хьэткъуэ Фатхьи сымэ псалъэ гуапэкIэ захуигъэзари, тыгъэхэр яхуищlащ.

ДАХ-м и Хасащхьэмрэ Гъэзэщlакlуэ гупымрэ я лэжьыгъэм щыщlидзэм, Сэхъурокъуэ Хьэутий жиlащ нэгъабэ Iуэхугъуэ куэд зэрызэфIагъэкIар, лъэпощхьэпо гуэрхэми зэрырихьэлIар, ауэ псоми я акъыл зэхэдзэкIэ, я къару зэгъэуIуакIэ лъэпкъ Iуэхур зэрагъэкIуэтэфынур и фIэщ зэрыхъур кьыхигъэщащ.

Илъэсибл хьуауэ зауэ щекIуокI Сирие Хьэрпи Республикэм ис ди лъэпкъэгъуэхэм, Урысей Федерацэм къэзыгъэзэжахэм я Iуэху зытетым теуухуауэ кьэпсэлъащ ДАХ-м и вице-президент **Бырсекъуэ Орфан**:

- Иджыри кьыздэсым Сирием кьыкIыжу хэкум къэзыгъэзэжахэм я бжыгъэр 900-м нэсауэ аращ, абыхэм яхэтщ а къэралым щыщу КъБКъУ-м щеджэ студенти 120-ри, - жиlащ Бырсекъуэм. - Мы къэзгъэлъэгъуэ бжыгъэм хэзгъэхьакъым 1990 гъэхэм щегъэжьауэ зи адэжь щIыналъэ щыпсэуну къэзыгъэзэжахэр, сэ зи гугъу сщIыр зауэм кьрихужьажу къэIэпхъуэжахэрщ. Апхуэдэ гузэвэгъуэм зи щхьэ кьыхэзыхыжу кьыдэзыхьэлIэжа ди къуэшхэм ди республикэм и унафэщlхэри, мылъку зыбгъэдэлъ хьэрычэтыщlэхэри къэрзынэу ядэlэпыкуащ. И фIыщlэр бгъэкIуэд хьунукъым Дунейпсо Адыгэ Хасэми. Абы сыт щыгъуи и нэIэ ятетщ къэзыгъэзэжахэм икIи унагъуи 100-м нэблагъэм унэхэр кьыхуащэхури, кьуажэхэм дагъэтIысхьащ. Хасэшхэм кьалэну зыхуигъэувыжащ ахэр зыIууэ гугъуехьхэр яхуэзэфIагъэкIыныжкIэ сэбэп хьуну. Нэхъыбэу ди къуэшхэр зыкуэныкъуэр, дауи, Урысейм щыпсэуну хуит зыщlэ тхыльхэр кьыдахыныщ. Визэ Iуэхум ахэр зыхигъэт гугъуехьхэр зым и дежкIи щэхуежьи, нэхьапэм пIалъэкIэ щхьэегъэзыпIэ къратуу щытат, щыху 45-рэ ахь хиубыдати, иджы, ди жагъуэ зэрыхъуци, ари Iуахьижащ. Апхуэдэу къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт ди унафэщlхэм я фIыгъэкIэ медицинэ справкхэр Сирием къикIыжахэм етыныр зэтраублауэ зэрыщытар, ауэ иджы а Iуэхутхьэбзэр кьыззэрыхуамышlэжьыр дигу кьоуэ. Къыщынэмышlауэ, дунейм кьытехьа сабийм халъхь хабзэ мастэхэр дохутырхэм хуащlын ядэрхьым, ди щIыпIэм щытхауэ зэрыщlымытым щхьэкIэ. Си гугъэмкIэ, республикэм и унафэщlхэм, узыншагъэр хьумэныжкIэ министрым я унафэкIэ зэфIэха хьуну Iуэхущ ар.

Уэгъэгуфlэщ къуажэхэм дагъэтIысхьа унагъуэхэр абыхэм ящыщ зэрыхъужар, жылэхэм екIуэкI гъащlэм хуэмурэ зэрыхэсыхьыр, кьалэм дэсауэ къэкIуожа ди къуэшхэм зэи мэлъэгъуэ щы, хадэ Iуэхухэм зэрагъэсащ, гъунэгъуэхэм ечэнджэщурэ сытми хуэIэрыхуэ хъуащ. Ауэ сэ сызыхьхьа ди къуэшхэр трактор щыкIым хуэдэ зэрыхэныкъуэм гу лъыстащи, фи дежкIи къэзгъэсыжмэ си гуапэт. Къуажищым апхуэдэ трактор зырыз Сирием къикIыжахэм папщlэ къахуэтщэхуфауэ щытамэ, щыгуфIыкIынут, я Iуэхуи дэкIынут. Къуажэм тракторышхуэ щызэрахуэ хъуркъым, полицэм яубыд, ар кьызэрырахуэкIын дамыгъэр я правахэм тегъэуакъым. Зи гугъу сщlы трактор щIыкIум зэIэпахьыу ирилэжьэнут, кьуажэм иридэтми кьиин кьыхэкIынутэкъым. Абы сом мелуан 1,5-рэ ихьыну аращи, мылъку зиIэхэм е псоми тIэкIу тIэкIу зэхалъхьамэ, псапэ leй хъунут.

ДАХ-м комитет щхьэхуэ иIэщ, къэзыгъэзэжахэм ядэлажьэу. ДызэрыкIэлъыплъымкIэ, хэкум къэзгъэзэжа ди къуэшхэм хабзэм ебакъуэ къахэкIыркъым, псалъэмакъуэншэхэщ. Зы гугъуехь закъуэщ яIэр - лажьыгъэ зэрамыгъуэтырщ. Университетым щIэс щIалэгъуалэри еджэным хъарзынэу йохъулIэ. ФIыщlэ яхуэсщlыну сыхуейт КъБКъУ-мрэ КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм ядэлажьэнымрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ и управленэмрэ абыхэм ятеухуауэ ирагъэкIуэкI лжьыгъэм папщlэ. Студентхэр кьуажэхэм яшэурэ абы дэлъ хабзэм щагъэгъуазэ, я благъэхэм, Iыхьлыхэм зэрызыпащlэным иужь итхщ. Щхьэхуэу сыкъытеувыIэну сыхуейщ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм. «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым е Адыгеим и къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэу «Iслъэмей», «Налмэс» хуэдэхэм я концерт Налшык щыщlекIуэкIкIэ, къэзыгъэзэжахэм папщlэ билетхэр пщlэнэщуэ кьыдат, Илъэсыщlэм республикэм щекIуэкI гуфIэгъуэ зэхьыхьэхэм я сабийхэр ирагъэблагъэ.

Сирием къикIыжауэ хэкум исхэр зыхуэзнэкъуэр мащlэкъым, ауэ дэ, Iэмал зэрилэкIэ, ди нэIэ ятетщ, хабзэм кьызэригъэувым ипкъ иткIэ дэтхэнэми и гугъуехьыр зэфIэпхыну, хэкужьым щекIуокI Iтащlэм хэсыхьыжьымкIэ дадэlэпкъуэну иужь дитщ.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд жиlащ ДАХ-р си ужь ит Iуэхуэхэр КъБР-м и Правительствэм и нэIэ зэрыщlэтыр, абы зэрызыхуагъазэ псори зэрызэфIагъэкIыным зэрыпылъыр. ИкIи Iуэкlуэжахэм я Iуэху нэхъ дэкIынымкIэ гугъапIэхэр зэрыщlэр къыхихигъэщащ. КъБР-м и Iэтащхьэр иджы дыдэ а Iуэхумкlэ Москва щекIуэкIыну зэIущlэм зэрырагъэблагъэр, абы кьихьыжыну хъыбархэр ДАХ-ми кьызэрылъагъэIэсынур дыщlигъуащ.

Сирием щыщlыбэ щытыкIэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ абы щылажьэ Адыгэ ФIыщlэ Хасэм и лIыкIуэ **Стlащ Барие**. Абы къыхигъэщащ зауэр зэрыщlидзэрэ блэкIа илъэсхэм СХЬР-м псыр щыутхъуэ фIэкIа, Iуэхур нэхъыфI зэрыщlымыхъур, щIыху лажьэншэхэр зэрыхэкIуадэр, уIэгъэ зэрыщlыхъур, Сирием ис адрейхэми хуэдэу, адыгэхэри бзаджащlэхэмрэ лейзехьэхэмрэ зэрапэщlэхуэр.

- Адыгэ ФIыщlэ Хасэм нэхъапэм и къалэнхэр нэгъуэщlу щытамэ, нобэ дыщlэлажьэр ди адыгэ тIэкIур тхъумэн, ди сабийхэр едмыгъэдыгъун, ди бзылъхъэгъэхэм лей кърамыхьи, ди щIыхуэхэр хэмыкIуадэу дахуэсакъын папщlэщ, жиlащ Стащым. - ЩIыху дэхуэхахэм дадэlэпкъуэну ди къару псори идохьэлIэ. Иджыпстуклэ нэхъыщlхьэр куажэ зэхэкъутахэм я къыдахуахэм псэуплIэ къахуэгъуэтынырти, ар хъарзынэу тхуэзэфIэкIащ. Тхьэм и шыкуркIэ, нобэкIэ губгъуэм кьина, шэтыр щlэс адыгэм кьытхэткъым. Нэхъапэхэм ди Iуэхур нэхъ гугъуу щытащ, ди щIыхуэхэм яшхын щамыгъуэти щыIащ. Ауэ дунейпсо псапащlэ организацэхэм, СХЬР-м социальнэ зыхъыжэныгъэмкIэ и министерствэм я фIыгъэкIэ куэдым дадэlэпыкъуфащ, ахъшэкIэ, хущхъуэкIэ, шхынкIэ ди сэбэп екIащ. Дунейм щыщlэрыIуэ псапащlэ организацэхэм мылъкукIэ зыкъытщlагъакъуэ, ахэр кьэдгъэсэбэпурэ унагъуэ мин 17-м далъэIэсащ. Ауэ абыкIэ гугъуехь псори зэфIэкIыну жыпIэ хъунукъым, ди щIыхуэр зыгуей зэрыхуэмыдэр пэжщ.

Барие жиlащ зауэ щекIуокI къэралым уцыпсэуныр хэт дежкIи зэрымытыншыр, ауэ? Iэмал зэрилэкIэ, я щхьэ Iуэху зэрызэрахуэжыр. Иджыпстуклэ Адыгэ ФIыщlэ Хасэм адыгэбзэр зэрыщlрагъэджыр, щIыхубзкэр дэрбзэрым щыхуагъасэ дерсхэр кьызэIуахыну зэрызагъэхьэзырыр, «Iуащхьэмахуэ» газетыр дяпэкIэ кьызэрыдагъэкIынур, спортым, Iуэрыlуатэм, нэгъуэщlу унэтIыныгъэхэмкIэ гупжьейхэр зэрылажьэр кьыхихигъэщащ Стlащ Барие.

Хасащхьэм и зэхуэсым кьрихьэлIа **Къэбэрдей Аднани** утыку кьрихьащ езыр зыгъэпIейтей упщlэхэр. Ар нэхъыбэу зэхьэлIар мыбы къэкIуэжауэ щеджэ студентхэрт. Нэхъапэм еджакIуэ къагъакIуэхэм адэжанэм ахъшэ къыхурагъэхьуэр еджэу щытамэ, иджы ар яхуэзэфIэкIыжьыркъым. Ахъшэ зимыIэ студентхэр махуэм йоджэ, жэщхэм мэлажьэ. Ауэ а тIури яхуэзэдмыхьынкIэ, емыджэмэ, университетым кьыщlадзыжьынкIэ хуну жеIэ Аднан. Абы кьыхигъэщащ зи щхьэр мафIэм кьыхэзых дэтхэнэми хэкумкIэ къинэнтIмэ зэрынэхьыфIыр, Европэм кIуэхэр зыхэхуэнкIэ хъунур зэрышынагъэр, я гупсысэжм зрагъэхьуэжырэ я лъэпкъми пэщlагъэуэжынкIэ зэрыхъунур.

«Хэкум исхэм фи Iэр нахуэфшин хуейщ ди къуэшхэм. Сирием адыгэу исыр щIыху мини 150-м нэсу жаIэми, псоми зэуэ зыкъаIэту къэкIуэжынукъым. Сэ сфIэигъуэт ДАХ-м СХЬР-м бэлыхь щыхэхуахэм щхьэкIэ фонд къызэригъэпэщынур. Дунейм адыгэу тетыр мелуани 5-м щынэскIэ, илъэсым сом зырыз нэхъ зэхамылъхьэми, зыгуэркIэ сэбэп хъунт», - лъэIуащ Аднан.

Абы и жэуапу «Родина» ассоциацэм и унафэщl **НэкIацэ Владимир** жиlащ студентхэр Урысейм къыитIыпщ федеральнэ ахъшэкIэ зэреджэр, Налшык щеджэну хуейуэ къэпъалIуэкIэ къэзгъэщlэжынукъым. Сэ сфIэигъуэт ДАХ-м СХЬР-м бэлыхь щыхэхуахэм щхьэкIэ фонд къызэригъэпэщынур. Дунейм адыгэу тетыр мелуани 5-м щынэскIэ, илъэсым сом зырыз нэхъ зэхамылъхьэми, зыгуэркIэ сэбэп хъунт», - лъэIуащ Аднан.

«Хэкум исхэм фи Iэр нахуэфшин хуейщ ди къуэшхэм. Сирием адыгэу исыр щIыху мини 150-м нэсу жаIэми, псоми зэуэ зыкъаIэту къэкIуэжынукъым. Сэ сфIэигъуэт ДАХ-м СХЬР-м бэлыхь щыхэхуахэм щхьэкIэ фонд къызэригъэпэщынур. Дунейм адыгэу тетыр мелуани 5-м щынэскIэ, илъэсым сом зырыз нэхъ зэхамылъхьэми, зыгуэркIэ сэбэп хъунт», - лъэIуащ Аднан.

Абы и жэуапу «Родина» ассоциацэм и унафэщl **НэкIацэ Владимир** жиlащ студентхэр Урысейм къыитIыпщ федеральнэ ахъшэкIэ зэреджэр, Налшык щеджэну хуейуэ къэпъалIуэкIэ, я щхьэ Iуэху зэрызэрахуэжыр. Иджыпстуклэ Адыгэ ФIыщlэ Хасэм адыгэбзэр зэрыщlрагъэджыр, щIыхубзкэр дэрбзэрым щыхуагъасэ дерсхэр кьызэIуахыну зэрызагъэхьэзырыр, «Iуащхьэмахуэ» газетыр дяпэкIэ кьызэрыдагъэкIынур, спортым, Iуэрыlуатэм, нэгъуэщlу унэтIыныгъэхэмкIэ гупжьейхэр зэрылажьэр кьыхихигъэщащ Стlащ Барие.

Хасащхьэм и зэхуэсым кьрихьэлIа **Къэбэрдей Аднани** утыку кьрихьащ езыр зыгъэпIейтей упщlэхэр. Ар нэхъыбэу зэхьэлIар мыбы къэкIуэжауэ щеджэ студентхэрт. Нэхъапэм еджакIуэ къагъакIуэхэм адэжанэм ахъшэ къыхурагъэхьуэр еджэу щытамэ, иджы ар яхуэзэфIэкIыжьыркъым. Ахъшэ зимыIэ студентхэр махуэм йоджэ, жэщхэм мэлажьэ. Ауэ а тIури яхуэзэдмыхьынкIэ, емыджэмэ, университетым кьыщlадзыжьынкIэ хуну жеIэ Аднан. Абы кьыхигъэщащ зи щхьэр мафIэм кьыхэзых дэтхэнэми хэкумкIэ къинэнтIмэ зэрынэхьыфIыр, Европэм кIуэхэр зыхэхуэнкIэ хъунур зэрышынагъэр, я гупсысэжм зрагъэхьуэжырэ я лъэпкъми пэщlагъэуэжынкIэ зэрыхъунур